**QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ JASLAR SIYASATÍ HÁM SPORT MINISTRLIGI BUYRÍĠÍ**

1«avgust»2023 jıl. **622-A/F-san** Nókis qalası

# Спорттың стол теннис түри бойынша U-15 өспиримлер ҳәм қызлар арасында Қарақалпақстан Республикасы чемпионатын өткериў ҳаққында

Спорттың стол теннис түри бойынша U-15 өспиримлер ҳәм қызлар арасында Қарақалпақстан Республикасы чемпионатын өткериў режесине тийкарланып **буйыраман:**

1. Өзбекстан стол теннис федерациясы Қарақалпақстан бөлиминиң 2023-жыл 27-июль күнги 20-санлы хаты мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

2. Спорттың стол теннис түри бойынша U-15 өспиримлер ҳәм қызлар арасында Қарақалпақстан Республикасы чемпионаты 2023-жыл 2-5-август күнлери Әмиўдәрья районы спорт мектеби спорт залында өткерилсин.

3. Жарыс жеңимпазларын сыйлықлаў ушын дәрежели дипломларға сарыпланатуғын қәрежетлер 1-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

4. Жарысты өткериў бойынша төрешилер қурамы 2-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

5. Өзбекстан стол теннис федерациясы Қарақалпақстан бөлими (М.Измуратов) не:

Жарысты шөлкемлескенлик дәрежеде өткериў ҳәм тиккелей басшылық етиў;

Жарыс жуўмақланғаннан соң 3 күн мүддетте министрликке жарыс есабатларын тапсырыў ўазыйпалары жүкленсин.

6. Әмиўдәрья районы спорт мектеби (Ч.Таджимуратов) не:

Спорттың стол теннис түри бойынша U-15 өспиримлер ҳәм қызлар арасында Қарақалпақстан Республикасы чемпионатын жоқары шөлкемлескенлик дәрежеде өткериў ушын жарыс болып өтетуғын орынды безеў, абаданластырыў жумысларын алып барыў;

жарыс ўақтында спортшылардың жарақат алыўының алдын алыў мақсетинде медицина хызметкерлери менен тәмийинлеў;

IJRO.GOV.UZ тизими орқали ЭРИ билан тасдиқланган, Ҳужжат коди: WW33255723

усы жарысты шөлкемлестириў ҳәм өткериўде, қатнасыўшылардың қәўипсизлигин ҳәм саламатлығын тәмийинлеў бойынша зәрүр ис-иләжларды әмелге асырыў;

жарыс барысын кең жәмийетшиликке саўлелендириў мақсетинде ғалаба хабар қураллары хызметкерлери қатнасын тәмийинлеў ўазыйпасы жүкеленсин.

7. Нөкис қаласы ҳәм районлық спорт мектеплерине спортшыларды қатнастырыў ўазыйпасы жүкленсин.

8. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаўды өз жуўапкершилигимде қалдыраман.

**Министр** **А.Алланазаров**

IJRO.GOV.UZ тизими орқали ЭРИ билан тасдиқланган, Ҳужжат коди: WW33255723

Қарақалпақстан Республикасы
Жаслар сиясаты ҳәм спорт министрлигиниң
1 «avgust» 2023-жылдағы
622-A/F-санлы буйрығына 1-қосымша

Стол теннис бойынша U-15 өспиримлер ҳәм қызлар арасында Қарақалпақстан Республикасы чемпионатын өткериўге жумсалатуғын қәрежетлер сметасы

1. Өткерилетуғын орны Әмиўдәрья районы

2. Өткерилетуғын ўақты 2023-жыл 2-5-август

3. Дипломлар

Дипломлар

1-орын ушын X 18 дана X 1 500 сўм = 27 000 сўм

2-орын ушын X 18 дана X 1 500 сўм = 27 000 сўм

3-орын ушын X 36 дана X 1 500 сўм = 54 000 сўм

Жәми 108 000 (бир жүз сегиз мың) сўм.

Қарақалпақстан Республикасы
Жаслар сиясаты ҳәм спорт министрлигиниң
1 «avgust» 2023-жылдағы
622-A/F-санлы буйрығына 2-қосымша

Стол теннис бойынша U-15 өспиримлер ҳәм қызлар арасында
Қарақалпақстан Республикасы чемпионатын өткериўге
жуўапкер төрешилер дизими

| № | Фамилиясы, аты | Лаўазымы |
|---|---|---|
| 1 | К.Толқынбаев | бас төреши |
| 2 | Ф.Есшанов | жарыс хаткери |
| 3 | Б.Сарыбаев | төреши |
| 4 | Т.Ешмуратов | төреши |
| 5 | Ж.Досмырзаев | төреши |
| 6 | Г.Жалғасбаева | төреши |
| 7 | Г.Абенова | төреши |
| 8 | Б.Бектурғанов | төреши |
| 9 | З.Аллабаев | төреши |
| 10 | М.Төлепов | төреши |
| 11 | Ж.Аллабергенов | төреши |
| 12 | М.Сейтназаров | төреши |
| 13 | Ж.Жарымбетов | төреши |
| 14 | А.Бегманов | төреши |
| 15 | Б.Даўлетов | төреши |